



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
SERI: (SVT)
BAKALOREYA SESYON JIYÈ 2022
SEGONDÈ IV
KREYÒL

KÒTÒF

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures

Vyewo

- 1 Nan mitan yon chan kann, bò Igwe,
An Dominikani,
De Ayisyen chita nan on batey,
Pye atè, do touni.
Pandan youn t ap pale, youn t ape koute,
Mwen di w yo pa t fè bri.
Van nan kann nan sèlman ki tandè
sa yo t ape di.
- 2 Youn di kouzen, mwen pral fè tè Ayiti.
Men on konmisyon w a bay madanm mwen pou mwen.
Li di kouzen, «san dyès pesòs».
Li di kouzen, lè w a janbe lakay,
Si w jwenn madanm mwen plase w a bay manman mwen li pou mwen.
- 3 Kouzen ale, kouzen tounen
ak on nouvèl ki bay kè plen
Manman mouri, mouri sa gen kèk ane
Gan moun ki di ke se chagren.
Madanm nan la, li la, li la, l ape kenbe.
E timoun yo mal okipe.
Premye a grandi, li grandi tankou chwal.
Ti dènye a pa menm sonje papa l.
- 4 Nan mitan yon chan kann bò Igwe
An Dominikani,
Gan de Ayisyen k chita nan on batey
Pye a atè, yo do touni.
Pandan youn t ap pale, youn t ape koute
Mwen m di w yo, yo pa t fè bri.
Van nan kann kouri efase,
efase sa yo t ape di.
- 5 Youn di kouzen, mwen sot fè tè Ayiti.
Men yon konmisyon madanm ou voye pou ou.
Li di w kouzen, kouzen,
Li lò pou tounen.
Li di w kouzen,
Lè w a janbe lakay menmsi ou pa pot anyen,
Pa kite manchèt ou dèyè.
Kouzen! kouzen! kouzen!
- 6 kouzen w a pot manchèt pou koupe bayawonn woy!
Kouzen w a pot manchèt pou koupe kandelab woy!
Kouzen w a pot manchèt pou koupe move zèb woy!
Kouzen w a pot manchèt pou koupe move zèb wouy!
Kouzen! kouzen! kouzen!

Koralen (Jean-Claude Martineau), powèm ranje pou chante. Emlin Michèl

PREMYE PATI

A Konpreyansyon Tèks (30 pwen/5 pwen pou chak bon repons)

- 1. Dekri sityasyon otè a prezante nan tèks la.
- 2. Jwenn diferans ki genyen ant premye ak senkyèm estwòf la.
- 3. Ki lide santral ou jwenn nan tèks la?
- 4. Di ki tip rim ki genyen nan premye estwòf la.
- 5. Eksplike sans fraz sa a: «Kouzen tounen ak on nouvèl ki bay kè plen. »
- 6. Ki tip tèks la? Jistifye repons ou bay la.

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen/ 5pwen pou chak bon repons)

- 1- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a:
«Elèv yo ap jwe nan lakou a.»
- 2- Ekri yon chan leksikal 5 mo otou tèm kizin.
- 3- Bay yon fraz pou chak tip konparezon nan tablo anba a:

Tip konparatif	Fraz
a) konparatif enferyorite	
b) konparatif egalite	
ch)konparatif siperyorite	

- 4- Ekri yon fraz pou chak fòm fraz ki endike nan tablo anba a:

Fòm fraz	Fraz
a) Fòm aktif	
b) Fòm enpèsonèl	
ch) Fòm anfatik	

- 5- Eksplike sans pwovèb ayisyen sa a:
«Ret trankil se remèd kò. »
- 6- Tradui fraz sa a an kreyòl ayisyen:

« N’oubliez pas que les examens ont lieu le mois prochain. »
- 7- Fè yon fraz ki genyen yon predika ki esprime yon eta.
- 8- Ki figi estil ou jwenn nan fraz anba a:
«Sèvant lan bwè boutèy kola a.

DEZYÈM PATI (10 pwen) chak kesyon sou 5 pwen

Literati

- 1- Bay jan literè tèks la.
- 2- Kilès ki otè Choukoun?

TWAZYÈM PATI

CH- Pwodiksyon ekri: chwazi yon (1) sijè. (20 pwen)

- 1- Ekri Direktè lekòl ou ye a yon tèks agimantatif kote ou ap montre dives kalite pwoblèm elèv yo ap fè fas chak jou.
- 2- De gwoup moun ap diskite sou sitiyasyon politik peyi a.

Premye gwoup la di se Leta ki pa pran responsablite li ki fè bagay yo grav konsa.
Dezyèm gwoup la di se popilasyon an ki tounen zonbi ki fè nou rive la.

- a) Devlope agiman de (2) gwoup yo.
- b) Bay opinyon pèsonèl ou.